Qaraqalpaqstan Respublikası Shomanay rayonı málimileme-kitapxana orayı.
Málimleme- bibliografiya xızmeti

# “ Mıńlardıń biri”

Mırzaǵaliy Dáribaevtıń dóretiwshiligine arnaladı (1909-1942)

# “ Mıńlardıń biri”

M.Dáribaev XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatınıń úlken wákilleriniń biri. Ol kóp sanlı lirikalıq qosıqlar hám poemlar dóretti. Sonıń menen birge qaraqalpaq dramaturgiyasınıń, prozasınıń payda bolıwında úlken dóretiwshilik xızmet etti. Drama, ocherk, gúrriń, povest realistlik poema qusaǵan janrlardıń qaraqalpaq ádebiyatında qáliplesiwinde salmaqlı úles qosqan. M.Dáribaev 1909-jılı Qońırat rayonınıń aymaǵında diyqan semyasında tuwıldı. Ol mektepte, "Qızıl Qaraqalpaqstan" gazetasında, Jazıwshılar Awqamında jumıs isleydi. M.Dáribaev ádebiyat maydanına poeziyalıq shıǵarmaları menen keldi. Onıń kirip keliwi 1926- jılǵa tuwra keledi.
Ol usı jıldı óz awılınıń «patriotı» sıpatında «Chay qaynatıp bermediń» dep awılınıń qızlarınıń ústinen kúlgen basqa awıldıń jigitlerine qarap juwap retinde shıǵarǵan qosıǵın jazdı. Onıń bul jılda jazılǵan qosıqlarınan «Talabım», «Jas jazıwshılardıń jıynaǵında» (Tashkent, 1934) járiyalandı.
Shayır 1933-jılı qaraqalpaq jazıwshılarınıń birinshi plenumında «Tayar kúshim» degen qosıǵın oqıydı. Qosıq mazmunı jaǵınan búgingi ǵárezsizlik dáwiri talaplarına tolıq juwap bermeytuǵın bolǵanı menen, ondaǵı jańa forma, tásirsheń emocional ırǵaq, kóterińki shayırlıq pafos ádebiyatqa óz hawazı bar talantlı jáne bir shayırdıń kelgeninen derek berip turdı. Haqıyqatında da shayır bul jıllarda óz ústinde kóp izlenip, kóp úyrendi, sol jıllardaǵı awqamlıq ádebiyatta jetekshilik etken rus ádebiyatınıń aldıńǵı qatar úlgilerin óz dóretiwshilik ustaxanasında puxtalıq penen sınap kórdi. A.Pushkinniń «Angar», «Aǵayinli qaraqshılar», «Arman»,, M.Lermontovtıń «Bayron emes, basqaman men», «Tutqın», «Ólgenniń muhabbatı», «Qamıs», «Násiyat», «Bayronnıń burıngılarday qıdıra almaspan», «Ispan qızı», «Súygende sen meni ózińe tartıp» sıyaqlı shıǵarmaları menen Nizamiy, Nawayı, Jambıl Toqtaǵullardıń kóp sanlı qosıqların awdarıp shayırlıq sheberligin arttırdı. Nátiyjede poeziyaǵa Mayakovskiy stilindegi, biraq milliylik lipası saqlanǵan Dáribaevlıq jańa lirik formaların engizdi. Bul sıpatta biz, ásirese onıń «Biziń stan- Qaraqalpaqstan», «Tayar kúshim», «Bekkem blok», «Xalıq jırı», «Kún sayın», usaǵan publicistikalıq lirikasınan ayqın seziwimizge boladı.
M Dáribaevtıń bul shıǵarmalarında M.Gorkiy, V.Mayakovskiy dóretiwshiliginiń tásiri kúshli sezilip turdı. Ol V.Mayakovskiyden xalıq kóterińki ruh, úlken lapız-jalınlı shaqırıq penen jırlawdı úyrense, M.Gorkiyden poeziyanı waqıt penen baylanıstırıw uqıbın ózlestirdi.

Usınday úyreniw, izleniwler nátiyjesinde bul jıllarda M.Dáribaev poeziyası tek formalıq jaqtan ǵana emes, mazmun hám tematikalıq jaqtan da bayıp bardı. Ol endi «Tazagúl», «Qálbiyke», «Qanatlı qaharman», «Gúlim» sıyaqlı táriyip arnaw

## “ Mıńlardıń biri”

M.Dáribaev XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatınıń úlken wákilleriniń biri. Ol kóp sanlı lirikalıq qosıqlar hám poemlar dóretti. Sonıń menen birge qaraqalpaq dramaturgiyasınıń, prozasınıń payda bolıwında úlken dóretiwshilik xızmet etti. Drama, ocherk, gúrriń, povest realistlik poema qusaǵan janrlardıń qaraqalpaq ádebiyatında qáliplesiwinde salmaqlı úles qosqan. M.Dáribaev 1909-jılı Qońırat rayonınıń aymaǵında diyqan semyasında tuwıldı. Ol mektepte, "Qızıl Qaraqalpaqstan" gazetasında, Jazıwshılar Awqamında jumıs isleydi. M.Dáribaev ádebiyat maydanına poeziyalıq shıǵarmaları menen keldi. Onıń kirip keliwi 1926- jılǵa tuwra keledi.

Ol usı jıldı óz awılınıń «patriotı» sıpatında «Chay qaynatıp bermediń» dep awılınıń qızlarınıń ústinen kúlgen basqa awıldıń jigitlerine qarap juwap retinde shıǵarǵan qosıǵın jazdı. Onıń bul jılda jazılǵan qosıqlarınan «Talabım», «Jas jazıwshılardıń jıynaǵında» (Tashkent, 1934) járiyalandı.

Shayır 1933-jılı qaraqalpaq jazıwshılarınıń birinshi plenumında «Tayar kúshim» degen qosıǵın oqıydı. Qosıq mazmunı jaǵınan búgingi ǵárezsizlik dáwiri talaplarına tolıq juwap bermeytuǵın bolǵanı menen, ondaǵı jańa forma, tásirsheń emocional ırǵaq, kóterińki shayırlıq pafos ádebiyatqa óz hawazı bar talantlı jáne bir shayırdıń kelgeninen derek berip turdı. Haqıyqatında da shayır bul jıllarda óz ústinde kóp izlenip, kóp úyrendi, sol jıllardaǵı awqamlıq ádebiyatta jetekshilik etken rus ádebiyatınıń aldıńǵı qatar úlgilerin óz dóretiwshilik ustaxanasında puxtalıq penen sınap kórdi. A.Pushkinniń «Angar», «Aǵayinli qaraqshılar», «Arman»,, M.Lermontovtıń «Bayron emes, basqaman men», «Tutqın», «Ólgenniń muhabbatı», «Qamıs», «Násiyat», «Bayronnıń burıngılarday qıdıra almaspan», «Ispan qızı», «Súygende sen meni ózińe tartıp» sıyaqlı shıǵarmaları menen Nizamiy, Nawayı, Jambıl Toqtaǵullardıń kóp sanlı qosıqların awdarıp shayırlıq sheberligin arttırdı. Nátiyjede poeziyaǵa Mayakovskiy stilindegi, biraq milliylik lipası saqlanǵan Dáribaevlıq jańa lirik formaların engizdi. Bul sıpatta biz, ásirese onıń «Biziń stan- Qaraqalpaqstan», «Tayar kúshim», «Bekkem blok», «Xalıq jırı», «Kún sayın», usaǵan publicistikalıq lirikasınan ayqın seziwimizge boladı.

M Dáribaevtıń bul shıǵarmalarında M.Gorkiy, V.Mayakovskiy dóretiwshiliginiń tásiri kúshli sezilip turdı. Ol V.Mayakovskiyden xalıq kóterińki ruh, úlken lapız-jalınlı shaqırıq penen jırlawdı úyrense, M.Gorkiyden poeziyanı waqıt penen baylanıstırıw uqıbın ózlestirdi.

Usınday úyreniw, izleniwler nátiyjesinde bul jıllarda M.Dáribaev poeziyası tek formalıq jaqtan ǵana emes, mazmun hám tematikalıq jaqtan da bayıp bardı. Ol endi «Tazagúl», «Qálbiyke», «Qanatlı qaharman», «Gúlim» sıyaqlı táriyip arnaw

qosıqların jazıw menen birge, siyasiy-publicistikalıq, peyzajlıq lirikalarda da ájayıp qosıqlar dórete aldı. Hayal-qızlar erkinligi, xalqımızdıń ótmishi menen búgini, doslıq, Watan, miynet temaları onıń poeziyası mazmunınıń tiykarǵı ózegin quradı. Atap aytsaq, shayırdıń «qashqın» balladası menen «Qálbiyke» qosıǵı hayal-qızlar erkinligi máselesin sóz etiwge baǵıshlanǵan. Shayır bul shıǵarmalarda kontrastlıq salıstırıp súwretlew usıllarınan sheber paydalanǵan.
Shayır óziniń «Kavkaz», «Kók kól», «Teńizde» qosıqları menen peyzajlıq lirikanıń sheberi sıpatında da kózge túsedi. Mısalı, onıń
« Kók kól» qosıǵındaǵı kartina jasaw sheberligine bir ser salayıq:

Órkesh-órkesh aynala taw jaǵası,

Qulpı dóngen jipke japıraq aǵashı,

Tawı tası, aǵash bultı qas-kirpik,

Móldir suwı mısal kózdiń qarası,

Kóz jasınday móldir suwı jarqırap,

Qozǵaladı,shayqaladı qaltırap.

Shayır poeziyasında el qorǵaw, patriotizm temaları, ásirese, urıs jıllarında jetekshi orınǵa shıqtı. Onıń «Jańa adam», «Qanatlı qaharman», «Gúreske»,» «Alǵıs saǵan» sıyaqlı qosıqlarında el qorǵaw, áskeriy minnet, basqınshılarǵa qarsı gúres, urıs jıllarındaǵı tıldaǵı pidákerli miynet usaǵan máseleler ayrıqsha bir poetikalıq sheberlikte real sáwleleniwin taptı.

M.Dáribaev balalarǵa arnalǵan «Altın júzik», «Ańqaw mergen» shıǵarmalarında folklorlıq syujetlerge kewil awdarıp, poeziyamızda jańa realistlik ertek, tımsallar dóretti.

## Miynet teması

30-jıllardaǵı qaraqalpaq poeziyasında tiykarǵı tematikalardıń biri bolǵanınday, usı jıllarda M.Dáribaev ta kópshilik qosıqların miynet temasına baǵıshladı. Ol óziniń «Ne payda», «Ayda turmıs tulparın» (1933), «Báhár» qosıqlarında miynettiń dóretiwshilik kúshin ulıǵlap, miynetti ádiwlewshi, barlıq baxtın miynetten tapqan aldıńǵı qatar úlgili miynet adamlardıń lirikalıq obrazların jarattı. Máselen shayırdıń «Ayda turmıs tulparın» qosıǵında texnikanıń tilin biletuǵın, texnika menen qurallanǵan miynet adamınıń jańa kelbeti temir qanat, almas tobıqlı suńqar sıpatında táriyplenedi:

Temir qanat, almas tobıq

Alǵa qarap moyın sozıp,

Qatarınan júrgen ozıp,

Ozǵan suńqar traktorshı.

Al,Tazagúl qosıǵında bolsa «adam miyneti menen gózzal hám ullı, miynet adamdı ulıǵlaydı, baxıtqa bóleydi» degen ideya Tazagúldiń sırtqı portreti menen shaǵlanǵan sap júrek ishki dúnyasınan ruwxlanıp jawlan urǵan miynet jeńisin teńdey qoyıp salıstırıp súwretlew arqalı beriledi. Mısalı:

Tisleri marjanday qap-qara qası,

Tógilgen bóksege jipektey shashı,

Qubılǵan kún menen sulıw lipası,

Súykimli sulıw qız biziń Tazagúl.

Shınıqqan is penen toqpaqtay bilek,

Shadlanǵan jigerli xosh waq júrek,

Shalıqlap ǵayratı kún sayın údep,

Shaǵlaǵan udarnik biziń Tazagúl

M.Dáribaevtıń muhabbat temasında jazılǵan qosıqlarında da miynet teması negizgi másele menen tıǵız baylanısta jupkerlesip beriletuǵının kóremiz. Máselen M.Dáribaev 1936-jılı jazılǵan «Qosılǵan qos toy» qosıǵında Sayımbet hám Tazagúl atlı bir-birin shın berilip súygen eki jastıń baxıtlı muhabbatın súwretlemekshi boladı. Lekin, shayır bul muhabbattı ápiwayı ashıq-mashıqlıq, súydim-kúydim, biykarǵa kóz jas tógetuǵın jalǵan muhabbat sıpatında emes, adamnıń adamgershiligine, el-xalıq aldındaǵı parızına, miynetke degen qatnasıǵına tiykarlanǵan tamırı tereń hadal, sanalı muhabbat sıpatında kórsetedi. Sonlıqtan da

shayır óz qaharmanları Tazagúldiń de, Sayımbettiń de sırtqı dúnyası menen ishki dúnyası bir-birine say keletuǵın qaharmanlar sıpatında táriypleydi.

Shayırdıń usı jılları jazılǵan «Qálbiyke», «Qırıq qız», «Qońırat» qosıqlarınan da kóriwimizge boladı. Bul fakt, birinshiden, shayırdıń 30-jıllar qaraqalpaq poeziyasına syujetli qosıqlardı alıp kire baslaǵanlıǵın kórsetse, ekinshiden, shayır dóretiwshiliginde epikalıq poeziya jónelisiniń baslanǵanlıǵınan da dárek beredi. Haqıyqatında da, shayır 30-jıllardıń ortalarınan poeziya janrına qol ura basladı. Shayırdıń «Ayımjamal», (1935) poemasında adam hám xalıq, jeke adam hám jámiyet arasındaǵı qatnasıqlar tiykarǵı másele etip qoyıladı. Poema syujeti sırttan qaraǵanda, klasslıq gúres máselesine qurılǵanday bolıp kóringeni menen, 30-jıllardaǵı jámiyet ómirine tán haqıyqıy turmıs shınlıǵı. Shıǵarma ápiwayı ǵana turmıslıq syujetke qurılǵan. Qalıń malsız, óz ıqtıyarları menen bir-birine qosılıp isenim hám sıylasıqqa jasap atırǵan Ayımjamal hám Áwezmurattıń shańaraǵı shadlı turmıs keshiredi. Sebebi, olar jańa túsiniktegi adamlar boldı. Jámiyetlik iste miynet úlgisin kórsetip júrgen Ayımjamal bir kúni xalıq múlkin talan-tarajǵa túsirip júrgen dushpannıń bar ekenligin bayqas etedi. Ayjamal bul iplastıń kim ekenligin dálillep xalıq aldında onıń bet perdesin ashıp tastaǵan waqtında, Qalnazar bay kek tutıp, oǵan pıshaq uradı. Áwezmurat xalıq dushpanın qızǵın sawashta qolǵa túsirip, bet-perdesin birotala ashıp tastaydı.

Poemanıń bas qaharmanı Ayımjamal obrazında qaraqalpaq hayal-qızlarǵa tán hasıl sezimler jámlesiw tapqan. Ápiwayılıq,Watanǵa hám dosqa seziminiń tazalıǵı, miynet súyiwshilik –onıń obrazınıń eń jaqsı sıpatlı belgileri. Bul sıpatlı belgilerdi basqalardı da bahalaw tárezisiniń ólshemi etip alǵan ol Áwezmuratqa miynetke qalay qaraytuǵınlıǵın aytıp:

Jalǵız ǵana miynet janım,
Tamır quwıp aqqan qanım,
Kerek emes aqsha malıń,
Miynet kerek,-dedi Jamal.

-dep onı da miynette úlgi kórsetiwge ruwxlandırdı. Ayımjamaldıń muhabbat qatnası da onıń ruwxıy ósiwshiliginen derek berip turadı. Ayımjamaldıń túsinigi boyınsha, muhabbat adamnıń jeke mápine emes, al onıń jámiyet aldındaǵı wazıypasına baǵdarlanıwı hám soǵan ámel etiwi kerek. Sonlıqtan onıń idealı ózin xalıq múlkiniń jankúyeri sıpatında sezgen, el-xalqın óziniń dóretiwshilik miyneti menen gúlleniwge tayar adam bolıp esaplanadı. Poemada avtor Áwezmurattıń Ayımjamalǵa bolǵan muhabbatın, onıń miynettegi qaharmanlıǵın, dushpanǵa qarsı gúresin súwretlew arqalı ashıp kórsetedi. Ayımjamal unatqan miynetkeshlik,

batırlıq hám Watanǵa sadıqlıq bári-bári Áwezmurattıń boyınan tabıladı. Sol ushın da Ayımjamal onı jaqsı kóredi. Ulıwma, ,Áwezmurat bul poemadaǵı eń utımlı jasalǵan obrazlardıń biri.

M.Dáribaevtıń «Aypara», «Shegarada» poemaları sátli jazılǵan epikalıq dóretpeleri bolıp tabıladı. Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń burıngı hám 30-jıllardaǵı turmısı kórkemlep súwretlegen «Aypara» poemasında baspashılardıń qaraqalpaq awılın tonaw waqıyası kórsetiledi. Usınday qıyın-qıstaw payıtlarda bes altı qızdıń biri bolıp Aypara da túrkmen feodallarınıń qolına túsedi. Biraq Watan saǵınıshı, ayralıq qız júregin jegidey jeydi. Bendelikke kóngisi kelmegen Aypara dáslepki kúnlerden-aq táǵdirlesi Qarabaydı úgitlep, onıń menen Qońıratqa qashıp keledi. Jolda biraz qıyınshılıqlardı bastan keshiredi. Ómirdegi qalǵan qıyınshılıqlardı da onıń menen bóliskisi kelip ekewi shańaraq ta quradı. Biraq, Qarabaydıń márdikarǵa alınıwı shańaraqtıń buzılıwına sebepshi boladı. Bekman degen ǵarrı baydıń toqalına aylanǵan Ayparanı jáne xorlıqlı ómir kútip aladı.

Aypara shıǵarmada miynetke tózimli, qıyın máhálde dosqa jıllı sóz ayta biletuǵın ǵamxor, kewilshek, ápiwayı qız sıpatında kórsetiledi. Onıń dos joldasqa sadıqlıq, adamgershilik sıpatları Qarabayǵa bolǵan qatnasında ayqın sezilip turadı. Máselen, Qarabay tutqınlıq táǵdirine muńın shaǵıp, awır awhalına kóz jasın tókkende, Aypara tutqınnan qashıw jobasın oylap tawıp, jol azabın mártlershe jeńip shıǵadı. Zorlıq zombılıqqa qanshama ushıraǵan sayın, óz maqsetine iseniminiń sonsha artıwı, erkinlikke degen qushtarlıǵı Ayparanıń jáne bir unamlı qásiyetleriniń biri bolıp tabıladı. Biraq, Aypara óziniń bunday talpınıwı jemissiz ekenligi, onı ekinshi zindan-Bekman baydıń nursız háwlisi kútip turǵanlıǵın, onnan shıǵıwdıń qanday iláji bar ekenligin bilmeydi. Sonlıqtan da Aypara Qarabaydan ayrılıp, Bekman baydıń toqalına aylandı. Avtor Aypara táǵdiri arqalı sol gezdegi ayırım hayal-qızlardıń sharasız qıyın hám quramalı ómirin kórsetpekshi bolǵan. Degen menen,bul poema qaraqalpaq hayal-qızlarınıń eski dáwirdegi awır turmısın, erkinlik hám baxıt ushın gúresiwge bolǵan umıtılsların kórsetip beriwi menen bahalı.

Shayırdıń 1938-jılı jazılǵan «Shegarada» poeması shegarashılardıń Xasan kólindegi yapon samuraylarına qarsı urısı hám olardıń sawashtaǵı qaharmanlıǵın sóz etiwge baǵıshlanǵan.

Poemada janlı háreket etiwshi Bagus obrazı-batır shegarashı sıpatında gewdeleniw tabadı. Óziniń ómiriniń, jawıngerlik jıllarınıń pútkil mazmunın Watan qorǵaw isi dep túsingen ol barlıq mápi hám kúndelikli isin de tolıǵı menen Watan qorǵaw wazıypasına baǵıshlaydı.

Adam dúnyasınıń baylıǵı, dos hám dushpanǵa qatnasıǵı Watan súyiwshiligi, ar-namısı,hújdanı awır sınaqlarda bilingenindey, Bagustıń da eń jaqsı qásiyetleri eń qıyın máwritlerde, Watan ómirine qáwip tuwǵan payıtlarda anıǵıraq ayqınlanadı. «Shegarada» poemasında Mariya hám Vilivagiya sıyaqlı basqa da obrazlar ushırasqanı menen, olar óz tulǵalarına tolıq iye bolmay qalǵan. Bul, álbette, poemanıń tolıq pitpey qalǵanlıǵınan bolsa kerek.

Prozası. M.Dáribaev 30-jıllardıń birinshi yarımınan baslap baspa sóz betlerinde «Ómirdiń sawlatı bilim» (1932), «Ǵayratlı qaharman» publicistikalıq ocherkleri, «Allanıń sırı» (1934), «16-jıldıń oyranı», «Azerbayjan awılında» (1935), «Qarındasımnıń xatı» (1940), «Altın júzik» (1939) sıyaqlı gúrrińler daǵazaladı. Onıń usı 30-jıllardaǵı qaraqalpaq prozasınıń úlken tabıslarınıń biri esaplanatuǵın «Mıńlardıń biri» povesti –tamamlanbaǵan shıǵarma, Erpolat, Miyrigúl, Húrziya, t.b shıǵarmanıń bas qaharmanları Feodallıq jámiyettiń ádilsizligi hám qarama-qarsılıǵı bayan etilgen Erpolattıń obrazında, eziwshilerdiń qol astındaǵı xalıqtıń kórgen azapları , qaraqalpaq xalqınıń sanasınıń oyanıwı kórinedi. Qaharmannıń minezlemesindegi avtorlıq maǵlıwmatlardı esapqa almay, tutas alıp qaraǵanda Erpolat obrazı ózinde,waqıttıń, dáwirdiń baslı hádiyselerin, sıpatlı belgilerin ulıwmalastırıp kórsete alatuǵın ulıwmalıq hám daralıq belgilerge iye sátli jasalınǵan obrazlardan bolıp tabıladı. Erpolattıń pikirleri menen isleri, xarakteriniń ósiw-ózgeriw, logikalıq rawajlanıwı, jazıwshınıń aytajaq oyları oqıwshını ádewir isendiredi.

Tilekke qarsı, povest bas qaharmanlarınıń biri Miyrigúldiń háreketleri biraz sheklengen. Onıń obrazı aqırına deyin rawajlanıw tappay, muhabbatı ushın azapqa túsken biyshara qız haqqında ǵana qalıp qoyǵan. Biraq, onıń obrazı povesttiń kompoziciyasında áhmiyetli orın tutadı. Erpolat penen Erjan sıypańnıń arasındaǵı kóplegen qarama-qarsılıqlar Miyrigúlge baylanıslı kelip shıǵıp, bir qansha háreketler onıń obrazı átirapında rawajlanadı. Miyrigúl sonıń menen birge, mal-mulkli jawız adamlardıń zulımlıǵınıń qurbanı sıpatında da kózge taslanadı. Ulıwma, Miyrigúl obrazı arqalı feodallıq jámiyettiń iplaslıqları ashıp kórsetiledi. Erjan sıypań, Hákimbay aqsaqal obrazları da povesttegi eń sátli shıqqan obrazlardan esaplanadı. Erjan sıypańnıń juwha hayalı Aysulıw, baydıń hámelparaz shabarmanları Qazaqbay hám Tilewmuratqa berilgen minezlemeler de ádewir sheber berilgen, bul personajlardıń háreketleri baslı qaharmanlar obrazların tolıqtırıp turıwı menen áhmiyetli.

Draması. M.Dáribaevtıń «Kóklen», «Árman», «Jańa adamlar», «Ǵárip ashıq», «Dáwletiyar», «Edige», «Biz jeńemiz», «Eki toy», «Bozataw», «Altın júzik» atlı pesaları 30-jıllardaǵı qaraqalpaq dramaturgiyasında belgili orın tutadı.

M.Dáribaevtıń dramalıq shıǵarmaları arasında kópshiliktiń dıqqatın ózine kóbirek awdarǵan «Kóklen» tragediyasınıń waqıyası Kóklenniń súyiklisi Ayparaǵa ashıqlıǵınan baslanadı. Pesada Kóklenniń diyqanlardıń kóterilisin basqarıw dárejesine deyingi basıp ótken jolı anıq sáwleleniw tapqan. Kóklen bul dárejege ádep Shaniyaz baydan óz haqısın, soń joldaslarınıń is haqısın alıp beriw usaǵan batıl háreketleri arqalı ósip jetiledi. Shaniyaz baydıń Ayparanı hayal ústine almaqshı bolǵan háreketleri Kóklenge ádalatsız eziwshilerge degen ǵázep otın jáne kúsheytedi. Shaniyaz baydıń zulımlıǵı menen zorlıǵına kónbegen Kóklen qarsılıq gúreslerin Ayparaǵa úyleniw háreketleri menen toqtatıp qalmay, Shaniyaz baydıń qarawınan shıǵıp ketip, Qaratawdıń etegindegi shopanlar awılına jaylasıp, jarlı diyqanlardı kóteriliske tayarlaw menen dawam etedi. Kóklenniń atın esitken basqa awıl adamları da bul kóteriliske qosıla baslaydı.

Orta Aziya xalıqlarınıń arasında keń tarqalǵan usı attaǵı dástannıń tiykarında jazılǵan «Ǵárip-ashıq» darması sol dástannıń ideyasın realistlik jobada kórsetip beriw menen boladı.

Biraq, pesa dástandı tikkeley tákirarlamaydı. Avtor oǵan jańa dramalıq konflikt,jańa syujetlik motivler, personajlar obrazların qosadı. Pesa Ǵáriptiń óz súyiklisi Shasánemnen ayra túsip, qosıq aytıp otırǵan jerinen baslanıwınıń ózi-aq dástan waqıyasınan realistlik jobada jańasha motirovkalanǵanlıǵın kórsetip turadı. Shasánemdi ǵáripke qospaw ushın Shahabbaz hár nárse islewge tayar bolsa da, Ǵáripti óltire almaydı, dosları Ǵáripti ólimnen qutqaradı. Jawız niyetleri iske aspaǵan Shahabbaz xan aqırında qızınan waz keshiwge májbúr boladı. Shahabbazdıń kishi hayalı Juwhagúlgdiń Ǵáripke ashıqlıǵı, maqsetine erisiwi ushın islengen juwhalıq háreketleri pesa konfliktin ádewir shiyelenistiredi. Bul háreketler arqalı onıń jat psixologiyası ashıladı. Pesa Juwhagúldiń oylaǵan niyetiniń iske aspay Ǵárip penen Shasánem qosılıw, Juwhagúl qańǵırıp dalada qalıwı waqıyası menen juwmaqlanadı.

M.Dáribaev talantlı, jazıwshı, dramaturg bolıwı menen birge 30-40-jıllar ádebiyattanıw ilimi hám ádebiy sın tariyxında belgili ornı bar ádebiyat sınshısı da edi. Bul jıllarda ádebiyat izertlewshi qánigelerdiń ele tolıq jetilisip shıqpaǵanınan bolsa kerek, ádebiy jóneliske baha beriwden ádebiyattanıw ilimi hám ádebiy sınnıń wazıypaların orınlawǵa kóbirek jazıwshılardıń ózleri aralastı. Sol dáwirdiń belsendi jazıwshılarınan esaplanǵan A.Begimov,J Aymurzaev, M.Dáribaev hám t.b. lar bir-birinen shıǵarmalarına baha berip, jetiskenlik, kemshilik táreplerin kórsetip bardı. Olar tek usınday sın pikirler menen sheklenbey, ulıwma ádebiyatqa baǵıt-baǵdar beretuǵın salmaqlı maqalalar da jazdı.

Bul baǵıtta M.Dáribaev basqa jazıwshılarǵa qaraǵanda kóbirek hám sapalı qálem terbetkenin kóremiz.Ol 30-jılları qaraqalpaq klassik ádebiyatı hám ózi jasap turǵan dáwir ádebiyatınıń mashqalaları boyınsha bir qatar maqalalar jazǵan.Ásirese

onıń «Bul kim?» recenzisı menen «Berdaq qosıqları haqqında», «Dramaturgiya haqqında» maqalaları 30-jıllar ádebiyattanıw ilimi hám ádebiy sınınıń ájayıp úlgilerinen esaplanadı. Ol «Bul kim?» recenzisinde A.Begimovtıń usı atamadağı pesasına sın pikirler bildirse, jańa ásir qaraqalpaq ádebiyatı haqqında jazğan maqalasında bul ásir ádebiyatınıń awızeki hám Keńes húkimeti ornağanğa deyingi ádebiyat penen baylanıslı, jańa ásir ádebiyatında ózine deyingi ádebiyat tariyxındağı demokratiyalıq dástúrlerdiń dawam ettiriliwi máselelerine toqtap, jańa XX ásir ádebiyatınıń baslamaları sıpatında J.Aymurzaev, A.Matyakupov dóretpelerine tallaw jasaydı.

M.Dáribaevtıń dramaturgiya haqqındağı maqalasında dramaturgiyanıń janğa tásir etiwshi jan «azığı» ádebiyattıń úlken bir tarawı ekenligine sholıw jasalınıp, dramaturgiyamızdıń náwbettegi wazıypaları belgilep beriledi. Maqalada jańa dáwir qaharmanları- jańa adam obrazın jasaw máselesi tiykarğı wazıypalardıń biri etip qoyıladı. Bul pikirler J.Aymurzaevtıń «Toy», A.Begimovtıń «Xorlıqtan azat» pesalarına obektiv tallaw jasaw arqalı beriledi.

M.Dáribaev óziniń sın maqalalarında Berdaq dóretiwshiligine úlken húrmet hám juwapkershilik penen baha beredi. Onıń «Berdaqtıń qosıqları» maqalasındağı Berdaqtıń shığarmaların xalıq poeziyası menen baylanıslı , kórkemligi haqqında aytılğan pikirler dıqqatqa ılayıq.

M.Dáribaev 30-jıllarda bulardan basqa «T.G.Shevchenko haqqında», «Mayakovskiy tuwralı» maqalaların da jazıp, ádebiyatlar baylanısı haqqında da óz pikirlerin ortağa saldı.

M.Dáribaev ádebiyattanıw ilimi hám ádebiy sın tarawındağı bul xızmetlerin 40-jıllardıń baslarında da dawam etti. Onıń «Shayırlar Ullı Watandarlıq urıs kúnlerinde» («Qızıl Qarqalpaqstan»23-iyul 1941), «Šapalı ádebiyat ushın» («Qızıl Qarqalpaqstan»7-yanvar 1942) maqalaları bul pikirimizdiń ayqın dálili. Ol bul maqalalarında Ekinshi jer júzlik urıs dáwirinlegi qaraqalpaq ádebiyatınıń aldında turğan wazıyplarğa keń túrde toqtap ótti. Al, 1942-jılı jazılğan «Qaraqalpaq shayırlanınıń dawısı» maqalasında poeziyanıń waqıt talabına qalayınsha juwap berip atırğanlığın kórsetiw menen birge, proza hám ádebiy kritikanı janlandırıw zárúrligi haqqındağı pikirlerin de bildirdi.

Shayırdıń turmıstan alğan jeke lirikalıq sezimin beriwshi "Qızıl ásker", "Paxta ek", "Kolxozshılar iske shıq", "Hosh bol, joldas Xojamet" dáslepki qosıqları ele tıyanaqlı hám kórkem formalarda tolıq qáliplespese de qaraqalpaq ádebiyatına jáne bir shayırdıń kelgenligin dálilledi. M.Dáribaevtıń dóretiwshiligindegi baslı tema- xalqımızdıń turmısında, sanasında, sonday-aq tábiyatındağı ózgerisleri menen janalıqları boldı. Sonıń biri-miynet teması. Miynet qaraqalpaq xalqınıń ómirdi jańadan qurıwdağı hám gúllendiriwdegi tiykarğı quralı sıpatında jırlandı. M.Dáribaevtıń lirikalıq qaharmanınıń ómir mazmunı, ar-namısı, adamgershiligi

retinde miynettiń qabıllanıwı sol dáwir talabınan kelip shıqtı. Shayırdıń "Ayımjamal" poeması onıń liro-epikalıq janrdağı dáslepki adımı boldı. Poema tolıq túrinde 1937 jılı "Qosıqlar" toplamında basıldı. "Ayımjamal" poemasında Adam hám jámiyet arasındağı qarım-qatnas máselesi mashqala etip qoyıldı. Usı mashqalanıń negizinde jańa adam psixologiyasın, minez-qulqın ashıp kórsetedi. Shığarmanıń qaharmanı Ayımjamal Áwezmuratqa qalıń malsız óz ıqtıyarı menen qosıladı. Jańa túsinikte, isenim hám biri-birin sıylaw principinde qurılğan semya shadlı turmısta jasaydı. Bir kúni Ayımjamal kolxoz malın talan-taraj etip júrgen dushpan bar ekenligin sezedi. Ol kolxoz ağzası Qalnazar ekenligin dálillep, áshkara etedi. Kolxozdan quwılğan Qalnazar bay kek tutıp, Ayımjamalğa pıshaq uradı. Áwezmurat Qalnazar baydı tutıp, húkimetke tapsıradı. Poema ayırım kemshiliklerine (kompoziciyalıq pıtıranqılıq) qaramastan sol waqıttağı qaraqalpaq poeziyasınıń sapalı ósip baratırğanlığın kórsetiwshi shığarmalardıń biri boldı. Hayal- qızlardıń oyanıwı, jańa dúzimniń hár tárepleme bekkemleniwine olardıń sanalı qatnası poema syujetiniń orayında turdı. Biraq usı temanı ashıwda shayır tariyxıy kózqarasta keledi. Tariyxıy bağdar beredi. Onıń elesinde bárhama eki zamannıń súwreti sáwlelenedi. Eki ómir qatar súwretlenip, jańa turmıstıń ayrıqshalığı kórkem obrazlar, konfliktler, tábiyat kórinisleri menen belgilenedi. "Qashqın" (1936) poeması eski turmıstıń real kartinasın ashıp beriwshi shığarma. Onıń orayında xan qolınan jazıqsız qaza tapqan qaraqalpaq qızınıń tragediyalıq tágdiri turadı.

Poemadağı jańalıq avtordıń estetikalıq kózqarasınıń sáwleleniwinde, yağnıy onıń qız óliminde gózallıqtı kóre biliwinde anıqlanadı. Sonıń menen birge tragediyalıq xarakterge iye bolğan Sánem tágdirinde shayır jeke adamnıń teńlik, azatlıq alıwına mumkinshilik bolmağan feodallıq jámiyette jasağan puqara xalıqtıń ulıwma narıyzalığın súwretleydi. M.Dáribaevtıń kórkem shığarmalarında jańa mazmun turmıstağı bolıp ótken jańa waqıyalar menen ózgerislerden dóreydi, sonın negizinde ózinin haqıyqat formasın tabadı. Shayırdın "Aypara" poeması hayal-qızlar teńligi temasına arnalğan. Onıń orayında qaraqalpaq xalqınıń turmısında bolıp ótken tariyxıy-jámiiyetlik hádiyseler. Adamnıń jeke basındağı waqıyalar, konfliktler turadı. Shığarmanıń syujeti tómendegishe: túrkmen baspashıları qaraqalpaq awılın talaydı. Bes-altı qız túrkmen feodallarınıń qolına túsedi. Aypara solardıń biri. Biraq óziniń tuwılgan jerine súyiwshilik sezimi sheksiz bolğan qız bendelikke kónbeydi. Dáslepki kúnlerden-aq tágdirlesi Qarabaydı qashıwğa úgitleydi. Ekewi Qońıratqa kelip semya quradı, biraq Qarabaydıń márdikarğa alınıwı sebepli semyası tez arada buzıladı. Aypara Bekman degen ğarrı baydıń toqalına aynaladı. Aypara bunday qorlıqlı turmıstan jańa dúzim ornawı menen azat etiledi. Poemada biraz kemshilikler ushırasadı. Máselen. Qarabaydıń obrazı jeterli ashılmay qalğan. Degen menen M.Dáribaevtıń "Aypara" poeması qaraqalpaq hayal qızlarınıń óz erkinligi menen

baxtı ushın gúresin ashıp beriwi menen qunlı shıǵarma esaplanadı. Shayırdıń "Kim jeńdi", "Qaljan", "Qońırattı qorǵaw" poemalarında óz dáwiriniń tariyxıy waqıyaları sáwlelendirildi. Bul poemalarda qaharman obrazın jasawda, onıń ishki dúnyasın, xarakterin hám janlı háreketlerin ashıwda avtordıń biraz dórtiwshilik ósiw jolı kózge taslanadı. Máselen, "Kim jeńdi" poemasınıń qaharmanı Nurman Qarabayǵa salıstırǵanda janlı hárekette kóbirek súwretlenedi. Minez-qulqı, ómirge kózqarası, estetikalık idealı qıyın sınaqlarda qáliplesedi.
1930-jıllardıń ekinshi yarımınan baslap xalıq aralıq jaǵday keskin shiyelenise baslaǵanlıǵı tariyxtan málim. Germaniyada mámleket apparatınıń gitlershiler qolına ótiwi, Ispaniyada puqaralıq urıstıń baslanıwı, Yapon samuraylarıń Qıtayǵa topılısı hám t.b. konfliktler ekinshi jer júzilik urıstıń payda bolıw qarsańındaǵı qáwipli jagdaylar edi. Usınday xalıq aralıq jaǵdaylarǵa baylanıslı usı dáwir ádebiyatında paraxatshılıqtı jırlaw temasına baylanıslı shıǵarmalar dóretiw tiykarǵı wazıypalardıń biri boldı. M.Dáribaevtıń "Shegarada" poeması usı wazıypanıń tiykarında dóregen liro-epikalıq shıǵarma bolıp tabıladı. Onıń teması-elimiz shegarashılarınıń Xasan kólindegi yapon samuraylarına qarsı urısı boldı. Poemada janlı háreket etiwshi tiykarǵı obraz -Bigus. Ol-batır shegarashı. Óziniń ómiriniń kópshilik jılların jawıngerlikke, Watan qorǵaw isine baǵıshlaydı. Adamnıń ruhıy dúnyasınıń baylıǵı, dos hám dushpanǵa qatnasıǵı, Watandı súyiwshilik sezimi, ar-namısı awır sınaqta anıǵıraq bilinedi. Bul sıpatlar Bigus obrazında kórkem sáwlelendirilgen. M. Dáribaev 1930-jıllarda lirikalıq hám epikalıq poeziya tarawında kózge túsken shayırlardıń biri esaplanadı. Mayakovskiyshe poeziyaǵa janlı shaqırıq xarakterin beriw, rus poeziyasın úlgi retinde súwretlewshilik M.Dáribaevtıń shıǵarmalarınıń xarakterli belgileriniń biri boldı. Onıń "Qálbiyke", "Bolshevik báhári" qosıqları óziniń lirizmi, ideyalıq mazmunı menen bul jıllardaǵı poeziyada belgili orın iyeleydi. M.Dáribaevtıń 1937 jılı baspadan shıqqan "Qosıqlar" toplamı menen 1940-jılı jarıq kórgen "Jeńiwshiler" atlı ekinshi toplamına onıń poema tarawındaǵı shıǵarmaları da kirgen edi. Shayırdıń "Aypara", " Ayımjamal", "Qaljan" poemalarınıń negizgi teması qaraqalpaq qızınıń burıngı táǵdiri hám keyingi dáwirdegi turmısın sáwlelendiriwge qaratılǵan.

Peyzaj M.Dáribaevtıń poeziyasında ayrıqsha orın tutadı. Onıń peyzajlıq qosıqlarınıń orayında gózzallıqtı tereńnen sezinetuǵın, sanalı, intellekt adam turadı. Tuwılǵan jer tábiyatınıń gózzal kartinaların súwretleytuǵın "Egis ayları", "Báhár", "Kók kól" h.t.b. lirikalıq qosıqları bar. M.Dáribaev lirikalıq hám epikalıq qaharmanlardıń obrazın tásirli hám janlı etip kórsetiwde kórkemlew quralların sheber qollanadı. Shayır hár bir sózdiń mánisin jańalawǵa tırısadı. Mısalı, paraxatshılıq temasına arnalǵan "Бekkem blok" (1938) qosıǵında "blok" sózin gúl menen, Dnepr menen, polat penen salıstırıp súwretleydi hám bul arqalı xalıq

turmısının gúllenip ósiwiniń, miynettegi dóretiwshilik ruhtıń, xalıqlar doslıǵınıń simvolların jaratadı:

Óytkeni, ol qızıl gúldey.
Jaynatadı eldiń ishin,
Óytkeni,ol Dneprdey,
Tastıradı kóptiń isin;
Óytkeni ol polat kibi,
Bekkemleydi kóptiń kúshin.

Avtor teńewlerdi qollana otırıp, sózlerge usınday jańa obrazlar engizedi.

Kórkem obraz jasawda avtor epitet, tenewler menen sheklenbeydi. Ol tradiciyalıq súwretlew usıllarınıń biri-allegoriyadan da sheber paydalanadı. Onıń "Egis ayları" qosıǵında tómendegi qatarlar dıqqatqa ılayıq:

Quwarǵan shóp,
Óleyin dep,
Untalıp tur ǵawdırap;
Jańa putaq, Jipekke usap,

Bunda shayır antitezalıq súwretlew arqalı eki ómirdi sáwlelendiredi. M.Dáribaev Pushkinniń, M.Yu.Lermontovtıń, N.A.Nekrasovtıń, E.G.Shevshenkonıń, A.Nawayı, Kemine, Jambıl h.t.b. shayırlardıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdardı. M.Dáribaev ádebiy sın maqalaları menen ádebiyatımızda ádebiy sınnıń qáliplesiwine úlken úles qostı. M.Dáribaev prozalıq shıǵarmaları menen de ádebiyatımız tariyxında belgili orın tutadı.

M.Dáribaevtıń prozalıq shıǵarmaları.

M.Dáribaev jana ómir xabarların, feleton, publicistikalıq maqalaların,ocherk, gúrrińlerin dáslepki qosıqları menen qatar baspasóz betlerinde 1930 jıllardıń birinshi yarımınan baslap járiyalay basladı. Onıń «Ómirdiń sawlatı bilim» (1932), «Ǵayratlı qaharman» (1932) atlı publicistikalıq ocherk, maqalaları, «Allannıń sırı» (1934) atlı satiralıq gúrrińi, «16 jıldıń oyranı», «Azerbayjan awılında» (1935) degen gúrrińlerinde de gazeta ocherklerine tán publicistikalıq xarakter basım. Ol «Qarındasımnıń xatı» (1940),«Altın júzik» (1939) usaǵan legendarlıq xarakterdegi gúrrińlerdi de dóretti. Dáribaevtıń «Biziń batır» («16-jıldıń oyranı»), «Tariyxıy tamǵa» gúrrińleri tariyxıy temadaǵı shıǵarmalar qatarına kiredi. «Úsh batırdıń anası», «Atızdaǵı áńgime», «Isústinde», «Traktorshı» ocherkleri qaraqalpaq

miynetkeshleriniń Ullı Watandarlıq urıs jıllarındaǵı qaharmanlıq miynetlerin sıpatlap beriwge qaratılǵan. Bul ocherklerde sol dáwirdiń talabına say jawıngerlik ún, jıynaqlılıq, qısqa operativlik bar.

M.Dáribaevtıń dóretiwshiliginde hám 1930 jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında onıń «Mıńlardıń biri» (1940) proza janrınıń úlken tabısı sıpatında belgili orın iyeleydi. Povesttiń teması qaraqalpaq xalqınıń Oktyabr revolyuciyasınan burıngı turmısı, miynet adamlarına jergilikli baylar menen patsha chinovnikleriniń kórsetken zulımlıǵı, qaraqalpaq hayal-qızlarınıń teńsizlik jaǵdayı, jańa turmıs dushpanlarına qarsı gúres súwretlengen. Shıǵarmanıń bas qaharmanı Erpolat. Erpolattıń obrazında klaslıq jámiyettiń qarama-qarsılıǵı bayan etilgen. Erpolat obrazı tabıslı shıqqan, ol ózinde sol dáwirdiń hádiyselerin kórsete aladı. Povestte Ivan jergilikli xalıqtıń revolyuciyalıq sanasınıń oyanıwına tásirin tiygizgen revolyucioner sıpatında kórinedi, (bul sol dáwirdiń idelogiyasına baylanıslı ádebiyattıń aldında turǵan wazıypalardan kelip shıqqan jaǵday ekenligi óz-ózinen málim.). Ivan Erpolattıń ádilsizlikke qarsılıǵınıń stixiyalıq xarakterge iye ekenligin, onıń ústine jeke mápten kelip shıqqanlıǵın kóre otırıp, onıń revolyuciyalıq sanasın oyatıwǵa, ondaǵı ǵázepti jolǵa salıwǵa tırısadı. Miyrigúl - povesttiń bas qaharmanlarınıń birewi, ol tiykarınan óziniń muhabbatı ushın azapqa túsken biyshara qız sıpatında kózge túsedi. Onıń obrazı povesttiń kompoziciyası ushın kútá áhmiyetli . Erpolat penen Erjan sıypań arasındaǵı qarama-qarsılıqlar Miyrigúldiń átirapında rawajlanadı. Eger de Miyrigúl háreketsheń etip kórsetilgende onıń obrazı tabıslı shıqqan bolar edi. Húrziya tek «Sırlı mazar» degen bóliminde ǵana ushırasadı, soǵan qaramastan povesttiń tiykarǵı qaharmanlarınıń biri. Jazıwshı Húrziya obrazı arqalı qaraqalpaq hayal-qızlarınıń revolyuciyalıq sanasınıń oyanıwın kórsete alǵan. Povestte M.Gorkiydiń «Ana», qazaq jazıwshısı B.Maylinniń «Shuǵanıń belgisi» shıǵarmasınıń tásiri kúshli boldı. Avtordıń jetiskenligi ótkir hám qıyın konfliktler jasay alıwında kórinedi. Jazıwshı óz qaharmanlarınıń xarakterin ashıwda ishki keshirmelerin, sezimlerin ham oyların súwretlewge jiyi-jiyi kewil bóledi, (mısalı, «Muńlı Miyrigúl» degen bapta Erpolat penen Miyrigúldiń Erjannıń miyrimsizligi tuwralı oyları) jazıwshı oqıwshınıń sezimin bayanlawda peyzajlıq súwretlewlerden paydalanadı. Povesttiń «Kórgen bilgenińdi ayta ber», «Aqsulıwdıń ashıwı», «Muńlı Miyrigúl» «Sheshenniń may degeni toraq shıqtı», «Tyurmadaǵı doslar», «Jazıqsız gúnakar», «Aymerekeniń aqılı», «Tyurmadan turmısqa», «Sırlı mazar» t.b. baplardan ibarat. Povestte ayırım kórkemlik jaqtan sheber ashılmay qalǵan orınları, kereksiz materiallardı bayanlaw sıyaqlı kemshilikleri de bar.

M.Dáribaevtıń tamamlanbaǵan «Mıńlardıń biri» povesti iri janrdaǵı dáslepki prozalıq dóretpelerdiń biri sıpatında qaraqalpaq ádebiyatında áhmiyetli orın tutadı .

**M.Dáribaevtıń dramalıq shıǵarmaları.**

1930 jılardaǵı qaraqalpaq ádebiyatında M.Dáribaevtıń dramalıq shıǵarmaları da belgili orın iyeleydi. Onıń «Kóklen», «Árman», «Jana adamlar» (1938-41) , «Ǵárip- ashıq», «Dáwletyar», «Edige», «Biz jeńemiz», «Eki toy», «Bozataw», «Front», «Altın júzik» t.b. kóp aktli hám bir aktli pesalardı jazdı, biraq bul pesalar qoljazba túrinde saxnaǵa qoyılmay qaldı. «Kóklen» pesasında 1905-1907 jıllardaǵı rus revolyucionerleriniń tásiri menen payda bolǵan Orta Aziyada, sonıń ishinde Qaraqalpaqstanda feodallıq ústemlikke qarsı miynetkesh xalıqtıń qurallı kóterilisin súwretleydi. Pesa qaraqalpaq saxnasında jasap turǵan úsh-tórt jıl ishinde úsh mártebe qayta islendi. Sońǵı variantı 1941 jılı jazıp shıǵıldı, ideyalıq kórkemlik dárejesine bir qansha ózgeris kirdi, syujetlik mazmunı biraz ıqshamlandı. Shıǵarma Kóklenniń súyiklisi Ayparaǵa ashıqlıǵınan baslanadı. Bunda Kóklenniń diyxanlardıń kóterilisin basqarıw dárejesine shekemgi ósiw jolı anıǵıraq kórsetilgen. Kóklen Shaniyaz baydan óz haqısın hám joldaslarınıń haqısın alıp beriw háreketleri obrazdıń evolyuciyalıq ósiw jolında belgili orın iyeleydi. Shaniyaz bay Kóklenniń súyiklisi Ayparanı hayal ústine almaqshı boladı. Kóklen baydıń zulımlıǵına qarsı shıǵıp Ayparaǵa úylenedi hám Qaratawdıń etegindegi shopanlar arasına jaylasıp kóteriliske tayarlanadı. Kóterilisshiler patsha soldatları menen de qarsılasıp jeńip shıǵadı. Solay etip pesanıń ideyası tikkeley Kóklenniń batırlıǵı, azatlıq ushın gúres jolına arnalǵan. «Qaraqalpaq ádebiyatı hám iskusstvosı» jurnalınıń 1939-jıl 4-sanında M.Dáribaevtıń «Árman» pesası shıqtı. Bul Ernazar alakóz haqqındaǵı ekinshi pesa. M.Dáribaevtıń «Ernazar alakóz» pesası 20 jıllarda jazılǵan edi. «Árman» pesası sátsiz jazılǵan shıǵarma boldı. Pesanıń kemshilikleri xalıqtıń roliniń kórinbewinde hám Ernazar alakózdiń bólinip is alıp barıwında, Ernazar alakózdiń Xiywa xanına qarsı emes, al qaraqalpaq xalqınıń jergilikli baylarınan ósh alıwshı, salıqtan xalıqtı qutqarıwshı sıpatında beriliwinde edi. M.Dáribaevtıń «Ǵárip- ashıq» dástanı tiykarında dóretilgen usı atamadaǵı pesası 1939- jılı Xalıq Komissarlar Keńesi qaptalındaǵı kórkem óner isi boyınsha járiyalanǵan konkursta ekinshi orınǵa miyasar boldı. Pesa dástandı tikkeley qaytalamaydı, oǵan jańa dramalıq konflikt, ádebiy personajlar qosılǵan. Shıǵarma Ǵáriptiń óz súyiklisi Shaxsanemnen ayrılıp qosıq aytıp otırıwınan baslanadı. Pesadaǵı waqıyalardı shiyelenistiriwshilerdiń biri Shahabbazdıń kishi hayalı Juwhagúl. Ol Ǵáripke ashıqlıǵı, maqsetine erisiwge umtılıwı arqalı onıń psixologiyası ashıladı. Pesa ele biraz qayta islewdi, tolıqtırıwdı talap etetuǵın edi.

«Jańa adamlar» pesası 1930 jıllardaǵı kolxoz turmısınan alıp jazılǵan. Pesada 30-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatında kóp ushırasatuǵın syujet, kolxozǵa kirip alǵan, sóytip kolxoz egisin suwǵa aldırıw, órtew, belsendilerin óltiriwge umtılıw waqıyaları sóz etiledi. Bul waqıya pesada belgili bir rawajlanıp, shiyelenisip

barıwshı dramalıq konflikt tiykarında berilmey qalǵan. Pesanıń bahalılıǵı kóbinese zamanagóy, personajlardıń kórkem, individual tiline iye bolıwında .

M.Dáribaev dóretiwshiligi shın mánisinde 50-jıllardan baslap arnawlı izertlew obekti bola basladı. Atap aytsaq, Q. Ayımbetov, M. Nurmuxammedov, S.Axmetovlar usı jıllarda islegen ózleriniń kandidatlıq dissertaciyaları menen sol dissertaciyalıq jumıslarına baylanıslı járiyalaǵan izertlewlerinde onıń poeziyası, prozası, draması haqqında málim dárejede ilimiy teoriyalıq pikirler bildirdi. 60-70-jıllarda bolsa usınday sıpattaǵı pikirler T Allanazarov, Q.Kamalovlardıń izertlewleri de orın aldı.

Al, ilimpaz S.Allayarov 1971-jılı M.Dəáribaevtıń ómiri hám dóretiwshiligi boyınsha kandidiatlıq dissertaciya jaqlap shıqtı hám usı jumıs tiykarında 1978-jılı «Mırzıǵaliy Dáribaevtıń tvorchestvosı» atlı monografiya járiyalandı.
M.Dáribaev ómiri hám dóretiwshiligi ulıwma bilim beretuǵın mektepler menen joqarı oqıw orınlarınıń ádebiyat sabaqlıqlarında ádebiy portret sıpatında keńnen sáwleleniwin tapqan. Bul miynetlerdiń bárinde de M.Dáribaev XX ásir qaraqalpaq ádebiyatınıń iri wákilleriniń biri, 30-40 jıllarda ádebiyatımızdı poeziya,proza, dramaturgiya janrların rawajlandırıwǵa salmaqlı úles qosqan talantlı sóz sheberi sıpatında baha berildi.
Ulıwma M.Dáribaev 30-40-jıllar qaraqalpaq ádebiyatın ámelde dóretken kórnekli sóz sheberleriniq biri esaplanıp qoymastan, ádebiyatqa ilimiy - teoriyalıq jaqtan baǵdar beriwshi talantlı sınshı bolıp ta tabıladı. Solay etip M.Dáribaev qısqa dóretiwshilik ómiri ishinde qaraqalpaq ádebiyatında kórnekli shayır, prozaik hám dramaturg retinde tanıla aldı.

## Ádebiyatlar dizimi.


1 Allanazarov T.Teatr hám dramaturgiya-Nókis «Qaraqalpaqstan»1979-137-157 betler.

2 Kamalov. Q. -Nókis «Qaraqalpaqstan»1978-33-38 betler.

3 Axmetov. S, Kamalov.K, Alımov.Ó, Ábdireymov.J. Qaraqalpaq ádebiyatı X1 klass ushın sabaqlıq –Nókis. «Bilim».1997-4[illegible]-55-betler:

4. Axmetov. S, Kamalov.K, Narımbetov.J. Paxratdinov.Á Qaraqalpaq sovet ádebiyatı. -Nókis «Qaraqalpaqstan» 1984-100-117 betler.

5. «Shayırlar Ullı Watandarlıq urıs kúnlerinde» («Qızıl qaraqalpaqstan» 1941,23-iyul), «Sapalı ádebiyat ushın» («Qızıl qaraqalpaqstan» 1942,7-yanvar) maqalaları

6. Mırzaǵalty Dáribaev «Qálbiyke» -Nókis «Qaraqalpaqstan»1980-8 bet

7.Qaraqalpaq sovet ádebiyatı -Nókis «Qaraqalpaqstan»1984-12 bet.

8 Qızıl qaraqalpaqstan-№287,290,291,1941

9. Qızıl qaraqalpaqstan -1938 4-mart

10. Qızıl qaraqalpaqstan - 1938 21-iyulь